

# GID POU ENTÈPRETE CELLA NAN FLORIDA

## Enfòmasyon Jeneral sou CELLA

Florida sèvi ak "Evaluasyon Jeneral Aprantisaj Lang Anglè" [*Comprehensive English Language Learning Assessment (CELLA)*] pou mezire pwogrè etidyan ki se "Moun k ap Aprann Lang Anglè yo" [*English Language Learners (ELLs)*] fè pou yo rive atenn konpetans nan Lang Anglè. Pou plis enfòmasyon konsènan CELLA, ou kapab rewè Depliyan ane 2008 la ki gen enfòmasyon sou CELLA nan Florida ke distri lokal lekòl la te ba w la, osinon al fè yon visit sou sit entènèt CELLA Florida nan <http://www.fldoe.org/aala/cella.asp>.

## Rapò sou Pwogrè Moun k ap Aprann Lang Anglè yo fè

Lalwa egzije Depatman Edikasyon nan Florida (Depatman), annakò ak lwa federal 2001 Pa kite okenn timoun ret deyè a "*No Child Left Behind Act*" (NCLB), pou li idantifye distri lokal lekòl ki pa atenn objektif akonplisman pou elèv ki nan kategori moun k ap aprann lang Anglè yo. Yo rele Obligasyon Responsablite sa yo Objektif Akonplisman Mezirab Anyèl (objektif).

Eta yo gen obligasyon bay rapò sou akonplisman twa objektif: (1) pwogrè pou rive atenn konpetans nan lang Anglè, (2) reyalizasyon konpetans nan lang Anglè, ansanm ak (3) pwogrè anyèl sifizan nan lekti akademik ak matematik ke moun k ap aprann lang Anglè fè. Bi anyèl (objektif sib) dwe fikse pou chak objektif. Distri ki pa atenn objektif sib yo pou tout twa objektif yo dwe bay paran moun k ap aprann lang Anglè yo enfòmasyon sou pèfòmans distri a. Yo dwe bay avi sa a nan yon lang paran an konprann, amwenske li klè sa enposib pou fèt.

Depi ane 2002-03, Depatman an te fè rapò sou akonplisman twazyèm objektif la nan Bilten Lekòl Florida a ke distri lokal lekòl la distribye. Pifò distri k ap bay moun k ap aprann lang Anglè yo sèvis pa te atenn objektif twa (3). Ou ka jwenn enfòmasyon pou chak distri sou sit entènèt CELLA Florida (<http://www.fldoe.org/aala/cella.asp>).

Florida egzamine tou ogmantasyon nan aprantisaj pou tout gwoup elèv pou li asire ke elèv ki gen akonplisman ki pi ba yo (pi ba pase 25%) ap fè pwogrè. Nan dènye twa ane ki sot pase yo, moun k ap aprann lang Anglè yo te fè pi gwo ogmantasyon nan aprantisaj pase tout lòt sougwoup yo:

- An 2005, 68% te gen ogmantasyon nan aprantisaj konpare ak 64% pou moun ki pa ap aprann lang Anglè yo.
- An 2006, 70% te gen ogmantasyon nan aprantisaj konpare ak 67% pou moun ki pa ap aprann lang Anglè yo.
- An 2007, 65% te gen ogmantasyon nan aprantisaj konpare ak 62% pou moun ki pa ap aprann lang Anglè yo.

Anvan yo te sèvi ak CELLA, yo te sèvi ak egzamen ki diferan nan plizyè distri lekòl pou evalye moun k ap aprann lang Anglè nan Florida yo. Depatman an pa te kapab konbine rezilta egzamen yo, ni fikse objektif sib pou akonplisman, ni evalye pwogrè distri lekòl yo fè nan ede elèv yo atenn konpetans nan Anglè efektivman. Kòm konsekans, depi 2003-04 Depatman an pa te bay paran yo enfòmasyon sou pwogrè moun k ap aprann lang Anglè ap fè pou rive atenn objektif en (1) ak de (2).


Ane sa a, Depatman an pral sèvi ak nòt-de-pasaj (cut score) CELLA yo, ki apwouve pa Konsèy Edikasyon pou Eta a (State Board of Education) ann avril 2008, pou fikse objektif sib yo epi jwenn si distri lekòl yo te atenn objektif en (1) ak de (2) an 2006-07 ak 2007-08. Yo pral fè rapò rezilta pou chak distri lekòl epi yo pral egzije distri lekòl bay paran tout moun k ap aprann lang Anglè yo enfòmasyon sou pèfòmans distri lekòl la. Rezilta yo pral afiche tou sou sit entènèt CELLA Florida a an Jiyè 2008. Pou w gade rezilta yo pa distri, ale sou sit entènèt CELLA Florida a nan <http://www.fldoe.org/aala/cella.asp>.

# Bilten 2008 Rezilta Etidyan CELLA


Tout etidyan ki pran egzamen CELLA pral resevwa yon Bilten rezilta ki gen enfòmasyon sou pèfòmans yo nan egzamen an. Gen 3 kalite enfòmasyon w ap jwennn sou Bilten Etidyan an.

- Enfòmasyon Pèsonèl Etidyan an
- Rezilta yo nan chak domèn konpetans
  - Pwen ki Posib pou li Fè
  - Pwen li Fè
  - Echèl Rezilta
- Rezilta segondè yo nan chak domèn konpetans
  - Pwen ki Posib pou li Fè
  - Pwen li Fè

Nou bay yon egzamp bilten etidyan. Gen lèt (A, B, C, D ak E) sou bilten an ki koresponn ak yon deskripsyon an detay sou enfòmasyon yo bay nan bilten an.



## Florida Comprehensive English Language Learning Assessment



**Student Report**

**A Student:** CARMINE J. APPEBEE

Student ID#: 123456789X

Date of Birth: 09/12/1994

Home Language: Spanish

Grade: 05

School: SUNSHINE ELEMENTARY

District: SUNSHINE

State: Florida

Test Date: May 30, 2008

**C**

Skill Areas	Points Possible	Points Achieved	Scale Score*
Listening	22	14	694**
Speaking	24	20	
Reading	30	18	703
Writing	39	21	685
<b>Total Score</b>	<b>115</b>	<b>73</b>	<b>2082</b>

**B Test Levels / Form Taken:**

Listening/Speaking: B2

Reading/Writing: B2

**D**

Note: These scores show your performance on the day you took the test. If you were to take this test again, it is likely that your scores would fall into the following ranges:

Listening/Speaking	684-704
Reading	693-713
Writing	675-695

NT (Not Tested) – Student answered to few items to receive a score or student not tested for that test subject  
 ET (Exempted from Test) – Student was not tested due to being exempted from that test subject  
 NS (No Score) – Test was invalidated  
 \* For information regarding performance, please see the information provided on the back of this report.  
 \*\* Listening and Speaking have a combined Scale Score.  
 \*\*\* NA (Test not appropriate) – Test level not appropriate for student's grade level.

**E**

Listening/Speaking Sub-Scores	Points Possible	Points Achieved
<b>Listening - Sentences</b> This score measures the student's ability to understand a single sentence that describes a picture.	8	6
<b>Listening Comprehension - Short Talks</b> This score measures the student's ability to understand short listening passages.	8	6
<b>Listening Comprehension - Extended Speech</b> This score measures the student's ability to understand extended listening passages, including passages that present academic information.	6	2
<b>Speaking Vocabulary</b> This score measures the student's knowledge of oral vocabulary.	6	6
<b>Speaking - Asking Questions</b> This score measures the student's ability to ask questions accurately and appropriately.	8	6
<b>Speaking - Extended Speech</b> This score measures the student's ability to express an opinion, retell a story, and talk about information shown in a graph.	10	8

Reading/Writing Sub-Scores	Points Possible	Points Achieved
<b>Reading Vocabulary</b> This score measures the student's ability to read and understand vocabulary words.	9	6
<b>Reading Comprehension</b> This score measures the student's ability to understand reading passages, including passages that present academic information.	17	11
<b>Writing - Grammar</b> This score measures the student's ability to answer questions related to English grammar, sentence structure, and word choice.	9	3
<b>Writing - Sentences</b> This score measures the student's ability to write descriptive sentences and to write questions.	12	7
<b>Writing - Paragraphs</b> This score measures the student's ability to write paragraphs.	12	6
<b>Writing - Editing</b> This score measures the student's ability to identify errors in grammar, mechanics, and word choice.	6	5

Copyright © 2008 by Educational Testing Service. All rights reserved. Funded by a grant from the U. S. Department of Education and developed in collaboration with AccountabilityWorks. ETS, the ETS logo are registered trademarks of Educational Testing Service (ETS) in the United States of America and other countries throughout the world.

**A Enfòmasyon Pèsonèl Etidyan an**  
 Seksyon sa a (nan kwen anlè agoch bilten an) gen ladan enfòmasyon etidyan an epi li montre non etidyan an, nimewo idantifikasyon etidyan an, dat li fèt, lang li pale lakay li ak gred li. Lòt enfòmasyon ki nan seksyon sa a gen ladan non lekòl la, non distri a ak non eta a, epi dat yo te fè egzamen an.

## **B Nivo Egzamen/Fòm Egamen etidyan te fè**

Seksyon sa a (ki anba enfòmasyon pèsonèl etidyan an) di ki nivo egzamen etidyan an te fè. Si gen twa asteriks (\*\*\*) bòkote nivo egzamen etidyan an te fè a, nivo egzamen an pa te koresponn ak gred elèv la ladan an.

Etidyan yo fè egzamen nivo Tande ak Pale ki koresponn ak nivo gred pa yo. Pa egzanp, etidyan ki nan Gred 3 yo ap pran seksyon Tande ak Pale Nivo B. Etidyan yo ka pran egzamen Lekti ak Ekriti oubyen nan nivo gred pa yo, osinon nan yon nivo tèl ki pi fèb, si fason sa ap bay pi bon enfòmasyon sou konpetans etidyan an. Pa egzanp, tout etidyan ki nan Gred 10 yo ap pran seksyon Tande ak Pale Nivo D, men etidyan ki nan Gred 10 ki gen yon konpetans nan Lekti ak Ekriti ki sitiye plis nan yon nivo debaz kapab pran seksyon Lekti ak Ekriti Nivo C, Nivo B oswa Nivo A. Si yon etidyan te fè egzamen Tande ak Pale oswa Lekti ak Ekriti nan yon nivo ki pa koresponn ak gred pa li, y ap mete asteriks (\*\*\*) yo.

## **C Rezilta nan Domèn Konpetans**

Seksyon sa a (sou kwen anwo adwat nan bilten an) bay rezime pèfòmans etidyan an nan CELLA anjeneral. Li bay yon Rezilta Total ansanm avèk rezilta etidyan an nan Tande, Pale, Lekti ak Ekriti.

Tablo sa a gen twa kolòn rezilta: **Pwen ki Posib pou li Fè, Pwen li Fè**, avèk **Echèl Rezilta**. **Pwen ki Posib pou li Fè** montre konbyen pwen brit yo t ap bay yon etidyan si li te reponn tout kesyon kòrèk. **Pwen li Fè** montre konbyen pwen brit etidyan an fè lè li te fè egzamen an. Piske yo bay **Pwen ki posib pou etidyan an fè** ak **Pwen li fè** yo nan yon sistèm mezi pwen brit, ou pa dwe konpare rezilta sa yo pou etidyan ki pran nivo oswa fòm tèl la ki pa menm.

Bilten CELLA yo bay **Echèl Rezilta** tou. Echèl Rezilta yo rann li posib pou w konpare pèfòmans etidyan an atravè divès nivo oswa fòm egzamen an. Ou ka konpare echèl rezilta yo nan tèl domèn konpetans atravè nivo yo. Li posib tou pou w konpare echèl rezilta domèn konpetans pou etidyan ki te pran fòm egzamen an ki pa menm.

Bilten CELLA yo gen kat echèl rezilta: Tande/Pale, Lekti, Ekriti, ak Rezilta Total. Yo mete rezilta nan domèn konpetans Tande ak Pale ansanm, e yo sèvi ak yon sèl echèl rezilta pou yo, alòske Lekti ak Ekriti, yo chak gen yon echèl rezilta apa.

Si w wè yo make **NT** (pa te teste) nan kèlkeswa kare, se yon bagay ki vle di etidyan an pa te fè ase kesyon egzamen an pou yo bay yon rezilta ki valab. Pou plis enfòmasyon sou poukisa etidyan an pa te gen yon rezilta, kontakte pwofesè etidyan an.

Si w wè yo make **ET** (*pa te oblije fè egzamen*) nan kèlkanswa kare, se yon bagay ki vle di yo pa te ba etidyan an fè pati sa a nan egzamen an. Pou plis enfòmasyon sou poukisa yo pa te ba etidyan an fè egzamen, kontakte pwofesè etidyan an.

## **D Degre Rezilta yo**

Seksyon sa a (kare w jwenn anba seksyon Domèn Konpetans la) bay yon eksplikasyon sou degre pèfòmans pou echèl rezilta etidyan an. CELLA mezire konpetans yon etidyan nan lang Anglè pou jou li pran egzamen an. Si etidyan an ta fè egzamen an ankò, li kapab petèt gen yon rezilta ki yon ti jan pi wo oubyen pi ba. Li pi bon pou ou konsidere echèl rezilta yon etidyan tankou li reprezante yon degre pèfòmans ki posib. Pa egzanp, yon etidyan ki fè 691 nan echèl Tande/Pale pou yon jou, pou yon lòt jou li ta kapab fè ant 673 ak 709.

### **Eksplikasyon-anba-paj**

Bòkote kare Degre Rezilta yo gen plizyè eksplikasyon. Eksplikasyon sa yo se deskripsyon eksplikasyon-anba-paj ki nan bilten an. Nan seksyon sa a w ap wè:

**NT** (Pa te teste) – Etidyan an te reponn twòp tikras kesyon pou yo ta ba l yon nòt oubyen yo pa te teste li pou sijè egzamen sa a. Si w wè **NT** nan kèlkeswa kare rezilta oswa rezilta segondè, se yon bagay ki vle di etidyan an pa te reponn ase kesyon pou yo bay yon rezilta.

**ET** (Pa te oblije fè egzamen) – Yo pa te teste etidyan an poutèt etidyan an te gen dispans pou sijè egzamen sa a. Se etidyan ki soud ak tandedi sèlman ki kapab gen dispans pou yon sijè egzamen. Si w wè yo make **ET** nan kèlkanswa kare rezilta oswa rezilta segondè, se yon bagay ki vle di yo pa te oblije etidyan an fè sijè egzamen sa a.

**NS** (Pa gen rezilta) – Tès la te anile. Si w wè **NS** nan kèlkanswa kare rezilta oswa rezilta segondè, se yon bagay ki vle di yo te anile egzamen etidyan an.

**\* Pou enfòmasyon ki gade pèfòmans, tanpri gade enfòmasyon yo bay sou do bilten sa a.**

Eksplikasyon sa a pale de echèl rezilta yo mete nan *Domèn Konpetans yo* e li voye moun k ap li l al sou do bilten an pou plis enfòmasyon sou echèl rezilta yo ak kisa yo siyifi.

**\*\* Tande ak Pale gen yon rezilta konbine.**

Eksplikasyon sa a se pou avèti moun k ap li l ke yo mete ansanm echèl rezilta pou egzamen Tande ak Pale.

**\*\*\* NA** (Egzamen an pa apwopriye) – Nivo egzamen an pa koresponn ak gred etidyan an.

Si w wè twa asteriks (\*\*\*) bòkote nivo egzamen etidyan an, tankou, pou Tande/Pale: D2\*\*\* se yon bagay ki vle di egzamen an pa te koresponn ak gred etidyan an. Ou pral wè **NA** nan kare rezilta oswa rezilta segondè ki koresponn ak sijè sa a sou bilten etidyan an.

## **E** **Lòt Rezilta CELLA**

Anba Bilten Rezilta Etidyan CELLA a gen lòt rezilta ki rele rezilta segondè. Yo bay rezilta segondè pou Tande/Pale ak Lekti/Ekriti. Rezilta segondè sa yo bay enfòmasyon anplis sou fòs ak feblès yon etidyan. Yo bay non rezilta segondè a ansanm ak yon eksplikasyon anbrèf sou sa li mezire.

Rezilta segondè yo se kantite pwen etidyan an fè; yo rele yo tou rezilta brit. Yo pa echèl rezilta. Pou rezon sa, yo pa dwe konpare rezilta segondè yo pou etidyan ki pran nivo oswa fòm egzamen an ki pa menm.

Pou etidyan ki pran Nivo A oswa Nivo B, yo pa ka pran kantite pwen yo ka fè nan rezilta segondè yo pou yon domèn konpetans mete sou kantite total pwen yo ka fè nan domèn konpetans sa a anjeneral. Se paske yo mete sèten sijè egzamen nan rezilta total la men yo pa mete yo nan rezilta segondè yo.

### **Kisa Echèl Rezilta CELLA yo vle di**

Pou konprann kisa yon echèl rezilta vle di, li bon pou w konnen piplis sou echèl y ap sèvi avèk li a, epitou nivo ki genyen nan echèl la.

Pou chak domèn nan egzamen an, yo montre anba la a degre echèl CELLA a – soti nan rezilta ki pi ba ki posib pou rive nan rezilta ki pi wo ki posib.

Echèl Rezilta	Rezilta Pi Ba ki Posib	Rezilta Pi Wo ki Posib
Tande/Pale	495	835
Lekti	345	820
Ekriti	515	850
Rezilta Total	1,355	2,505

## Do Bilten Rezilta Etidyan

Pou ede eksplike kisa echèl rezilta CELLA yo vle di, yo bay deskripsyon konpetans nan Anglè. Pou tèl rezilta etidyan yo fè, deskripsyon sa yo eksplike kisa etidyan yo konnen ak kisa yo kapab fè nan Anglè. Deskripsyon yo ki anba la a bay siyifikasyon rezilta an chif yo.

### HOW TO INTERPRET YOUR SCORES:

Use the total scale score you earned for each skill area and match it to the closest scale score by grade cluster provided below to determine the typical English language proficiency for a student receiving the same score. The proficiency level descriptors are provided to explain what the CELLA scores mean. These descriptions explain what students who earn certain scores know and are able to do in English. For listening and speaking skills, use the grade level cluster that indicates the actual grade level you are enrolled in, and for reading and writing skills, use the grade level of the test that you took.

SCALE SCORE BY GRADE CLUSTER				LISTENING AND SPEAKING PROFICIENCY LEVEL DESCRIPTORS	SCALE SCORE BY GRADE CLUSTER				READING PROFICIENCY LEVEL DESCRIPTORS	SCALE SCORE BY GRADE CLUSTER				WRITING PROFICIENCY LEVEL DESCRIPTORS
K-2	3-5	6-8	9-12		K	3-5	6-8	9-12		K-2	3-5	6-8	9-12	
584	618	623	631	Beginning students speak in English and understand spoken English that is below grade level and require continuous support.	446	640	657	674	Beginning students read below grade level text and require continuous support.	576	625	634	645	Beginning students write below grade level and require continuous support.
641	687	697	698	Low intermediate students speak in English and understand spoken English that is at or below grade level and require some support.	587	702	728	753	Low intermediate students read at or below grade level text and require some support.	647	689	704	705	Low intermediate students write at or below grade level and require some support.
661	709	723	726	High intermediate students, with minimal support, speak in English and understand spoken English that is at grade level.	659	724	750	770	High intermediate students read at grade level with minimal support.	674	715	733	733	High intermediate students write at grade level with minimal support.
714	763	782	787	Proficient students speak in English and understand spoken English at grade level in a manner similar to non-ELLs.	746	772	787	799	Proficient students read at grade level text in a manner similar to non-ELLs.	733	776	796	798	Proficient students write at grade level in a manner similar to non-ELLs.

NOTE: The mid-point out score for each grade level and proficiency level is provided.

### COMO INTERPRETAR TU PUNTUACIÓN:

Usa la puntuación total que lograste para cada área de destreza y compárala con la puntuación más cercana por grupo de grado que se provee abajo para determinar el nivel de proficiencia en el idioma inglés típico para un estudiante que recibió la misma puntuación. Las descripciones por nivel de proficiencia en inglés se proveen para explicar el significado de la escala de puntaje de CELLA. Estas descripciones explican lo que saben los estudiantes que obtienen ciertos puntajes y lo que son capaces de hacer en inglés. Para las destrezas de escuchar y discurso, usa el nivel de grado el cual indica tu grado actual y para las destrezas de lectura y escritura usa el nivel de grado del examen que se te administró.

PUNTUACION POR GRUPO DE GRADO				ESCUCHAR Y DISCURSO DESCRIPCIONES DE NIVEL DE PROFICIENCIA	PUNTUACION POR GRUPO DE GRADO				LECTURA DESCRIPCIONES DE NIVEL DE PROFICIENCIA	PUNTUACION POR GRUPO DE GRADO				ESCRITURA DESCRIPCIONES DE NIVEL DE PROFICIENCIA
K-2	3-5	6-8	9-12		K-2	3-5	6-8	9-12		K-2	3-5	6-8	9-12	
584	618	623	631	Estudiantes en el nivel básico hablan inglés y entienden el inglés hablado a un nivel inferior a su grado y requieren asistencia continua.	446	640	657	674	Estudiantes en el nivel básico leen a un nivel inferior a su grado y requieren asistencia continua.	576	625	634	645	Estudiantes en el nivel básico escriben a un nivel inferior a su grado y requieren asistencia continua.
641	687	697	698	Estudiantes en el nivel intermedio bajo hablan inglés y entienden el inglés hablado a nivel de grado o inferior y requieren alguna asistencia.	587	702	728	753	Estudiantes en el nivel intermedio bajo leen a nivel de grado o inferior y requieren alguna asistencia.	647	689	704	705	Estudiantes en el nivel intermedio bajo escriben a nivel de grado o inferior y requieren alguna asistencia.
661	709	723	726	Estudiantes en el nivel intermedio alto con asistencia mínima hablan en inglés y entienden el inglés hablado a nivel de grado.	659	724	750	770	Estudiantes en el nivel intermedio alto leen a nivel de grado con asistencia mínima.	674	715	733	733	Estudiantes en el nivel intermedio alto escriben a nivel de grado con asistencia mínima.
714	763	782	787	Estudiantes con dominio completo del idioma inglés hablan en inglés y entienden el inglés hablado a nivel de grado de una manera similar a los de habla inglesa.	746	772	787	799	Estudiantes con dominio completo del idioma inglés leen a nivel de grado de una manera similar a nativos del idioma inglés.	733	776	796	798	Estudiantes con dominio completo del idioma inglés escriben a nivel de grado similar a nativos del idioma inglés.

NOTA: Se provee la puntuación del punto medio para cada nivel de grado y nivel de proficiencia.

Pou konprann pi byen kisa yon rezilta vle di, suiv etap senp sa yo.

1. Premyèman pran echèl rezilta etidyan an. W ap jwenn li sou kwen anwo adwat nan bilten an. (gade **C** sou devan Bilten Rezilta Etidyan)
2. Apresa chèche echèl rezilta pa gwoup klas ki pi pre rezilta etidyan an. (Ou pral jwenn li sou do paj bilten an; gade **F** anwo la a.)
3. Ansuit li deskripsyon nivo konpetans ki koresponn ak echèl reziltas a pou w jwenn nivo konpetans nan Anglè tipikman pou yon etidyan ki resevwa menm pwen sa.

**G Deskriptè Nivo Pèfòmans**

Yo mete echèl rezilta yo ak **Deskriptè Nivo Pèfòmans yo** sou do bilten etidyan an. Eksplikasyon sa yo dekri kisa etidyan yo konnen ak sa yo kapab fè nan chak domèn lang ak nan chak nivo pèfòmans nan lang. **REMAK:** Yo bay mitan nòt-de-pasaj pou chak nivo klas ak nivo konpetans.

ECHÈL REZILTA PA GWOUK KLAS				TANDE AK PALE DESKRIPTÈ NIVO PÈFÒMANS
K-2	3-5	6-8	9-12	
564	618	623	631	Etidyan debitan yo pale ann Anglè e konprann Anglè pale ki anba nivo klas pa yo e yo bezwen sipò kontini.
641	687	697	698	Etidyan Entèmedyè Enferyè yo pale ann Anglè e konprann Anglè pale ki nan nivo oswa anba nivo klas pa yo e yo bezwen enpe sipò.
661	709	723	726	Avèk sipò minimòm, etidyan Entèmedyè Siperyè yo pale ann Anglè e konprann Anglè pale ki nan nivo klas pa yo.
714	763	782	787	Etidyan konpetan yo pale ann Anglè e konprann Anglè pale ki nan nivo klas pa yo nan yon fason ki menmjan ak moun ki pa ap aprann lang Anglè yo.
ECHÈL REZILTA PA GWOUK KLAS				LEKTI DESKRIPTÈ NIVO PÈFÒMANS
K-2	3-5	6-8	9-12	
445	640	657	674	Etidyan debitan yo li tèks ki pi-ba-pase-klas pa yo e yo bezwen sipò kontini.
587	702	728	753	Etidyan entèmedyè enferyè yo li tèks-ki-pou-klas pa yo oswa ki pi-ba-pase-klas pa yo e yo bezwen enpe sipò.
659	724	750	770	Etidyan entèmedyè siperyè yo li tèks-ki-pou-klas pa yo avèk sipò minimòm.
745	772	787	799	Etidyan konpetan yo li tèks-ki-pou-klas pa yo nan yon fason ki menmjan ak moun ki pa ap aprann lang Anglè yo.
ECHÈL REZILTA PA GWOUK KLAS				EKRI DESKRIPTÈ NIVO PÈFÒMANS
K-2	3-5	6-8	9-12	
576	625	634	645	Etidyan debitan yo ekri pi-ba-pase-nivo-klas pa yo e yo bezwen sipò kontini.
647	689	704	705	Etidyan entèmedyè enferyè yo ekri nan-nivo-klas pa yo oswa pi-ba-pase-nivo-klas pa yo e yo bezwen enpe sipò.
674	715	733	733	Etidyan entèmedyè siperyè yo ekri nan-nivo-klas pa yo avèk sipò minimòm.
733	776	796	798	Etidyan konpetan yo ekri nan-nivo-klas pa yo nan yon fason ki menmjan ak moun ki pa ap aprann lang Anglè yo.